

MEMORANDÒM

POU : Komite Skolè a

SOT NAN MEN : Denise Snyder

KOPI POU : Sipèentandan Brenda Cassellius
Konseyè Prensipal Megan Costello
Afè Entègouvèmantal (ant gouvènman) Annie Qinn
ELOP (Pwogram Opòtinite Aprantisaj Pwolonje), Direktris Egzekitiv
Alba Crus Davis

DAT : 19 me, 2022

OSIJÈ : Mizajou sou Divès Eksperyans Aprantisaj Ete Lekòl Piblik Boston 2022

Madam Prezidan ak divès manm Komite Skolè Boston an, sa fè m plezi pou m soumèt mizajou suivan an sou Eksperyans Ete 2022 a. Prezantasyon an ap konsantre sou kèk domèn prensipal ke m kwè ki ta kapab itil pou ou ak kominote w la ta konnen :

1. Rechèch konsènan rezon pwogram Aprantisaj Ete yo enpòtan
2. Ekspansyon (Pwolongasyon) divès pwogram ke n ap ofri pou 2022
3. Sansibilizasyon k ap fèt pou moun kapab enfòme
4. Pwosesis enskripsyon an ak sipò ki disponib pou fanmi yo

Pandan prezantasyon nou an, n ap prepare pou n bay yon mizajou aktyalize an tan reyèl konsènan konbyen elèv ki enskri pou pwogram yo, ki te rive jiska 3.385 elèv jou 18 me, pou 5yèm peryòd (oswa 5yèm trimès) ane a. Aktyèlman sa egal a plis pase 1.000 elèv anplis konpare ak kote n te ye nan afè enskripsyon pandan menm moman sa a ane pase.